**दिन—मंगलवार** **दिनांक—18.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्य मे सरकारक गठन कँ लऽकऽ राजनीतिक हलचल बढि गेल अछि। एनडीए गठबंधनक विभिन्न दल सभक वरिष्ठ नेता लोकनिक बीच नव सरकारक स्वरूप कँ लऽकऽ बातचीतक प्रक्रिया जारी अछि। जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा आओर पार्टीक वरिष्ठ नेता एवं केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह, आइ नई दिल्ली मे भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सँ मुलाकात कएलनि। बातचीतक दरमियान बीस नवम्बर कँ मुख्यमंत्रीक संग शपथ लयवला मंत्री आओर विधानसभा अध्यक्षक नाम सभ पर सेहो विचार—विमर्श कएल गेल। ई दूनु वरिष्ठ नेता आइ पटना पहुँचतहि मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेंट कयलनि।

---

भारतीय जनता पार्टीक विधायक दलक बैसार काल्हि पटना मे होयत। बैसार मे पार्टीक नवनिर्वाचित विधायक दलक नेताक चुनाव कएल जाएत। एम्हर, पार्टीक केन्द्रीय इकाई विधायक दलक नेताक चुनावक लेल वरिष्ठ नेता आओर उत्तर—प्रदेशक उपमुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य कँ पर्यवेक्षक नियुक्त कएल गेल अछि। केन्द्रीय मंत्री अर्जूनराम मेघवाल आओर पूर्व केन्द्रीय मंत्री साध्वी निरंजन ज्योति कँ केन्द्रीय सह—पर्यवेक्षक नियुक्त कएल गेल अछि। ओतहि, जदयूक विधायक दलक बैसार सेहो काल्हि होयत। जाहि मे विधायक दलक नेता चुनल जयताह। एकर पश्चात काल्हि सांझ एनडीए विधायक दलक बैसार मे गठबंधनक नेताक चुनाव कएल जाएत।

---

एम्हर, बीस नवम्बर कँ होयवला शपथ ग्रहण समारोह कँ देखैत पटनाक गांधी मैदान मे तैयारी सभ कँ अंतिम रूप देल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ स्वयं गांधी मैदान पहुँचलाह आओर तैयारीक जायजा लेलनि। एहि सऽ पहिने मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत आओर पुलिस महानिदेशक विनय कुमार गांधी मैदान पहुँचि कऽ तैयारीक समीक्षा कयलनि।

एम्हर, प्रशासन विधि व्यवस्था बनेने रखबाक लेल नमहर संख्या मे पदाधिकारी लोकनिक प्रतिनियुक्ति कयलनि अछि। शपथ ग्रहण समारोह मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर एनडीए शासित कतेको प्रदेश सभक मुख्यमंत्री लोकनि सेहो शामिल होयताह। एकरा देखैत एसपीजी गांधी मैदानक सुरक्षाक कमान सम्हारि लेलनि अछि। पटना जिला प्रशासन द्वारा बीस नवम्बर तक गांधी मैदान कँ आम लोकक लेल बंद कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा कहलनि अछि जे नीतीश कुमार मुख्यमंत्री पदक शपथ लेताह। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बातचीत करैत ओ कहलनि जे एनडीए गठबंधन मे पहिनहि सँ ई तय कऽ लेल गेल छल। श्री कुशवाहा कहलनि जे शीघ्रहिं एनडीए गठबंधनक घटक दल द्वारा नव सरकार मे शामिल होयवला मंत्री सभक नाम सेहो तय कऽ लेल जाएत।

———————————————————————

जन सुराज पार्टीक सूत्रधार प्रशांत किशोर कहलनि अछि जे विधानसभा चुनाव मे पार्टी कँ भेटल करारी हारक जिम्मेदारी ओ स्वयं लैत छथि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बातचीत करैत श्री किशोर कहलनि जे नव सरकार सँ अपेक्षा अछि जे ओ बिहारक लोक सभ सँ कएल गेल वादा कँ पूरा करत। श्री किशोर कहलनि जे व्यवस्था परिवर्तनक बात ओ कयने छलथि लेकिन चुनाव मे जनता हुनका नकारि देलक। एहि के लऽकऽ ओ प्रायश्चित करताह आओर महात्मा गांधीक भितीहरवा आश्रम मे एक दिनक उपवास रखताह।

———————————————————————

प्रदेश कांग्रेस अनुशासन समिति हाल मे संपन्न विधानसभा चुनावक दरमियान पार्टी विरोधी गतिविधि सभ मे शामिल होयबाक आरोप मे तैंतालीस टा नेता सभ कँ "कारण बताओ नोटिस" जारी कयलक अछि। नोटिस मे कहल गेल अछि जे पार्टी लाइन सँ हटि कऽ एहि नेता सभक बयान सभ सँ पार्टीक छवि, प्रतिष्ठा आओर चुनावी प्रदर्शन पर प्रतिकूल असरि पड़ल अछि। एकैस नवम्बर धरि हिनका सभ सँ नोटिसक जवाब देबाक लेल कहल गेल अछि।

---

नकली क्यूआर कोड साटि कऽ लोक सभक संग साइबर ठगी करयवला अपराधी सभक खिलाफ कड़ा कार्रवाई कएल जाएत। पुलिस मुख्यालय एहि संबंध मे अधिकारी लोकनि कैं जाँच अभियान चला कऽ कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि अछि। एम्हर, दूरसंचार विभाग परामर्श जारी कऽ लोक सभ कैं सार्वजनिक स्थल सभ पर क्यू आर कोड सँ भुगतान करबाक दरमियान सावधानी रखबाक सलाह देलनि अछि। विभाग कहलक अछि जे स्कैन करबाक पश्चात प्राप्तकर्ताक नाम और विवरणक जाँच करी आओर डिजिटल लेन–देन मात्र अधिकारिक आओर भरोसेमंद एप्लिकेशनक माध्यमे टा सँ करी।

---

सुपौलक लहटन चौधरी सभागार मे नशामुक्त समाज बनेबाक लेल शपथ ग्रहण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। उप विकास आयुक्तक अध्यक्षता मे उपस्थित अधिकारी आओर कर्मी सभ नशामुक्तिक संकल्प लेलनि। एम्हर, रोहतास समाहरणालय मे सेहो सामूहिक शपथ कऽ आयोजन कएल गेल। जिलाधिकारी उदिता सिंह अधिकारी आओर कर्मी लोकनि कैं नशामुक्त समाज बनेबाक लेल संकल्प दिऔलनि।

---

प्रदेशक अधिकर भाग सभ मे पश्चिमी हवाक प्रभाव सँ ठंढ़ा में बढ़ोतरी दर्ज कएल गेल अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान औरंगाबाद राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल, जाहि ठामक न्यूनतम तापमान दस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस दर्ज कएल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान अधिकतर भाग सभ मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस कऽ वृद्धिक संभावना अछि। एकर बाद प्रदेशभरि मे तापमान मे क्रमिक गिरावट दर्ज कएल जा सकैत अछि।

---

समाप्त भेल।